# XALÍQ ARTISTI AYÍMXAN SHAMURATOVA DÓRETIWSHILIGINIŃ DÁSLEPKI BASQÍSHLARÍ

**Darushova Darixa Kadirniyazovna** – *oqıtıwshı*
darushovadarixa@gmail.com
*O‘zMKÓMI Nókis filialı*

# НАЧАЛЬНЫЕ ЭТАПЫ ТВОРЧЕСКОЙ ДЕЯТЕЛЬНОСТИ НАРОДНОЙ АРТИСТКИ АЙИМХАН ШАМУРАТОВА

**Дарушова Дариха Кадирниязова** – *преподаватель*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# THE INITIAL STAGES OF THE CREATIVE ACTIVITY OF ACTRESS AYMKHAN SHAMURATOVA

**Darushova Darixa Kadirniyazovna** – *teacher*
*Nukus branch of the Uzbek State Institute of Arts and Culture*

**Tayanısh sózler:** teatr, dramaturg, aktyor, rejissyor, spektakl, dóretiwshi, repertuar.

Bul maqalada qaraqalpaq milliy teatr kórkem óneriniń qáliplesiwinde birinshi hayal aktrisa Ayımxan Shamuratovanıń dóretiwshilik jumısı talqılanǵan. Onıń balalıǵı, sociallıq ortalıǵı, kórkem ónerge kiriw jolı, aktyorlıq sheberliginiń qáliplesiw basqıshları ilimiy kózqarastan úyreniledi.

**Rezyume.** Bul maqalada qaraqalpaq milliy teatr kórkem óneriniń qáliplesiwinde birinshi hayal aktrisa Ayımxan Shamuratovanıń dóretiwshilik jumısı talqılanǵan. Onıń balalıǵı, sociallıq ortalıǵı, kórkem ónerge kiriw jolı, aktyorlıq sheberliginiń qáliplesiw basqıshları ilimiy kózqarastan úyreniledi.

**Ключевые слова:** драматург, театр, актёр, режиссёр, спектакль, создатель, репертур.

**Резюме.** В данной статье анализируется творческая деятельность первой женщины-актрисы Айимхан Шамуратова в процессе формирования каракалпакского национального театрального искусства. Ее детство, социальная среда, путь в искусство и этапы становления актерского мастерства рассматриваются с научной точки зрения.

**Key words:** theater, playwright, actor, director, play, creator, repertoire.

**Summary.** In this article, the creative activity of the first female actress, Aymkhan Shamuratova, is analyzed within the process of the formation of Karakalpak national theater art. Her childhood, social environment, entry into the field of art, and the stages of the development of her acting skills are examined from a scholarly perspective.

**Kirisiw**. Qaraqalpaq milliy teatrı XX ásir baslarında qáliplese baslaǵan bolıp, onıń rawajlanıwında dáslepki aktyor hám aktrisalardıń ornı sheksiz. Ásirese, jámiyette hayallardıń saxnaǵa shıǵıwı ádewir quramalı hám qarama-qarsılıqlı process bolǵan. Usı kózqarastan, birinshi hayal aktrisalardan biri Ayımxan Shamuratovanıń dóretiwshiligi tek ǵana kórkem óner emes, al jámiyetlik rawajlanıw kózqarasınan da úlken áhmiyetke iye. Bul maqalada Qaraqalpaq milliy teatr kórkem óneriniń qáliplesiw procesinde birinshi hayal aktrisa Ayımxan Shamuratovanıń dóretiwshilik jumısı tallanadı. Onıń balalıq dáwiri, sociallıq ortalıq, kórkem ónerge kirip keliwi hám aktyorlıq sheberliginiń qáliplesiw basqıshları ilimiy jaqtan sáwlelendiriledi.

**Usıllar.** Bul ilimiy maqalanı sáwlelendiriwde klassifikaciyalıq, tariyxıy-biografiyalıq, salıstırmalı hám kompleksli qatnas tallaw usıllarınan paydalanıldı. Izertlew procesinde Ayımxan Shamuratovanıń dóretiwshilik jumısı, atap aytqanda, onıń teatr kórkem ónerine kirip keliwi hám dáslepki qáliplesiw basqıshları ilimiy-teoriyalıq hám tariyxıy jaqtan tallandı. Sonday-aq, aktrisanıń saxnadaǵı dáslepki obrazları, atqarıw sheberligi hám kórkemlik qatnası onıń dóretiwshilik rawajlanıwı konteksinde úyrenildi. Onıń dóretiwshilik jumısın qáliplestirgen sociallıq ortalıq, teatr mektebi hám ustazlardıń tásiri tariyxıy-biografiyalıq kózqarastan tallandı.

## Nátiyjeler hám talıqlaw

Ayımxan Shamuratova 1917-jılı Qońırat rayonında tuwılǵan. Onıń balalıǵı awır sociallıq sharayatlarda, jetimlik hám jarlılıqta ótken. Erte jasta ákesinen ayırılıwı onıń ómirine ayrıqsha tásir etken. Ákesi Turdımámbet waqtında duwtar shertiw hám qosıq aytıwǵa qızıqqan hám awıl ishinde toy-merekelerde qosıq aytıp, tapqan azlı-kemli tabısı menen shańaraǵın terbetken. Bul jaǵday Ayımxanda kórkem ónerge bolǵan dáslepki qızıǵıwshılıqtıń qáliplesiwine tiykar jaratqan. Ayımxannıń qosıq aytıwǵa bolǵan qábileti balalıǵınan belgili bolǵan. Ol kúndelikli miynet processlerinde de qosıq aytıp,

átiraptağılardı tań qaldırğan. Bul jağday onıń tábiyğıy talant iyesi ekenligin kórsetedi. Sonday-aq, onıń dóretiwshilikke bolğan umtılısında shańaraqlıq ortalıq, milliy qádiriyatlar hám xalıq awızeki dóretiwshiligi áhmiyetli rol atqarğan. Ásirese, qaraqalpaq xalqınıń bay mádeniy miyrası, dástúriy saxna kórinisleri hám folklor elementleri onıń estetikalıq talğamınıń qáliplesiwine tásir etken. Sonıń menen birge, mektep hám jergilikli mádeniyat mákemelerindegi shığıwları arqalı ol óziniń aktyorlıq qábiletin kórsete baslaydı. Bul basqısh onıń keleshekte aktrisalıq jolın tańlawında sheshiwshi áhmiyetke iye bolğan. Biraq sol dáwirdiń sociallıq ortalığında qızlardıń saxnağa shığıwı maqullanbağan. Onıń anası, ájağası hám jaqınları da onıń aktrisa bolıwına qarsı bolıp, bul bolsa onıń keleshektegi dóretiwshilik jolındağı dáslepki tosıqlardan biri boldı. Sonda da ol bir kúni mektepte shólkemlestirilgen háwesker qosıqshılardıń tańlawında qatnasadı hám sonnan keyin ol teatrda islewge birinshi usınıstı aladı. Bul waqıya haqqında aktrisa bılay esleydi: “Kóp uzamay qaladağı teatrdıń direktorı meni shaqırıp alıp, — “Qarındasım, biziń teatrda isle. Úyińe jaqın. Barıp turasań. Sen mına dawısıńdı qorlama”, dedi. Sońınan bilsem, bul Ábdiraman Ótepov dúzgen kolxoz teatrınıń direktorı Tólek ağa Sarıbaev eken. Ábdiraman ağa teatrdı shólkemlestirip bolıp, Tórtkúlge «Tań nurı» truppasına ketipti. Men bul biytanıs adamnıń aytqan sózine sonshelli quwansam da úydi, apam hám ájağamdı oyladım hám “... apamnan qorqaman... Apamnan hám ájağamnan ruxsat sorayın”, - dedim aqırı”. [1.14]

Ayımxan Shamuratovanıń teatrğa kirip keliwi tosınnan emes, ishki umtılıs, kúshli talant hám isenim nátiyjesi buğan tiykar bolğan. Ol shańarağınıń qarsılığına qaramastan, teatrğa qádem qoyadı hám dáslepki dóretiwshilik jumısın baslaydı. Bul processte ol qaraqalpaq teatr ónerinde óziniń salmaqlı dramaları hám bir-birinen ájayıp saxnalastırılğan spektaklleri menen iz qaldırğan Abdiraman Ótepov sıyaqlı ustazınan sabaq aladı. Hár qanday dóretiwshi sıyaqlı Aymxan Shaumratova da jumısınıń dáslepki basqıshında túrli qıyınshılıqlarğa dus kelgen. Jańa ortalıqqa beyimlesiw, saxna talaplarına juwap beriw hám tamashagóy aldında ózin kórsetiw úlken erk-ıqrar hám miynetti talap etken. Ásirese, obrazlardı tereń ańlaw, olardıń ishki psixologiyasın ashıp beriw procesi aktrisadan úlken izleniwdi talap etken. Sonıń menen birge, ustazlar hám rejissyorlar menen birge islesiw onıń sheberligin arttırıwğa xızmet etken. Ayımxannıń dáslepki rolleri ápiwayı bolsa da, ol tez arada tamashagóylerdiń itibarına túsedi. Ol rol atqarğan spektakller arasında "Bağdagúl," "Gúlsara" sıyaqlı shığarmalar úlken áhmiyetke iye. Onıń aktyorlıq sheberligi tábiyiylik, ishki sezimdi jetkeriw hám obrazğa kirip ketiw sıyaqlı tárepleri menen ajıralıp turğan. Ásirese, dramalıq obrazlardı atqarıwda ol úlken sheberlik kórsetken. Ol 1934-1935-jılları saxnalastırılğan “Gúlsara” spektaklinde Aysara rolin kámine keltirip oynaydı. Párenjeni taslap, adamlarğa ashıq júz benen qarawdı oylağan Aysara ákesi tárepinen ayawsız óltiriledi. Ayımxannıń bul roldi jaqsı atqarıwınıń jáne bir sebebi, Aysaranıń dárti óziniń dárti menen uqsaslığında. Sebebi Ayımxan da óziniń aktrisa bolıwına qarsı adamlar menen gúresiwine bul syujet únles bolıp ketedi. Sátli shıqqan spektakl haqqında sol waqıttağı Ózbekstan Ilimler akademiyasınıń xabarshısı Ismayl Sağıytov “Qızıl Qaraqalpaqstan” (házirgi “Erkin Qaraqalpaqstan”) gazetasında recenziya jáىriyalaydı. [2.31] Maqalada “Ibrahim bay “qızıma párenjesin taslatpayman”, dep Aysaranı – (Ayımxandı) pıshaqlawına, ásirese adamlar Ayımxannıń obrazına, pıshaqlanıwına shıdap otıra almadı”, degen qatarlar da berilgen bolıp, onı oqığan awıl adamları A.Shamuratovanıń anasına kewil aytıp kele baslaydı. Sonda anası bul xabarğa isenip, jalğız sawın sıyırın satıp, onıń pulın Ayımxannan úlkeni Ámetke túyip berip, Tórtkúlge jiberedi. Bul waqıt teatr jámááti “Bağdagúl” spektakline tayarlıq kórip atır edi. Qarındasın saxnada tiri kórgen ájağa quwanğanınan sol waqıt birinshi mártebe Ayımxanğa “Qarağım, teatrıńda isley ber, saw bolsań bolar, artist bolıwıńa men de, apań da qarsı emespiz, biraq jaqsı bolıp júr”, - dep razıshılığın bildiredi. Aymxan Shamuratovanıń dáslepki tabısları onıń talantın keń jámiyetshilikke kórsetti. Ol atqarğan roller arqalı tamashagóyler qálbine jol taba aldı hám milliy teatr kórkem ónerinde óz ornın bekkemley basladı. Onıń atqarıwındağı obrazlar turmıslılığı, emocionallıq tásirsheńligi hám milliy ruwx penen únlesligi menen ajıralıp turadı. Bul bolsa onıń aktrisalıq sheberligi joqarı dárejede qálipleskeninen dárek beredi.

Ayımxan Shamuratovanıń dóretiwshilik jumısı ańsat bolmağan. Ol jámiyettiń qarsılığı, túrli qıyınshılıqlar, saxna sharayatlarınıń awırlığı sıyaqlı mashqalalardı jeńip ótken. Biraq, áne usı qıyınshılıqlar onıń erk-ıqrarın bekkemlep, haqıyqıy kórkem óner sheberi sıpatında qáliplesiwine xızmet etken.

Ayımxan Shamuratova Qaraqalpaq milliy teatr kórkem óneriniń qáliplesiwinde áhmiyetli orın tutqan birinshi hayal aktrisalardan biri. Onıń dóretiwshiligi arqalı hayal-qızlardıń kórkem

ónerge kirip keliwi, milliy teatrdıń rawajlanıwı hám aktyorlıq mektebiniń qáliplesiwi sıyaqlı processler jedellesken. Sol ushın da onıń dóretiwshiligi tek ǵana qaraqalpaq teatrı emes, al ulıwma milliy mádeniyattıń rawajlanıwında da úlken áhmiyetke iye. Onıń ómiri hám dóretiwshiligi jas áwlad ushın úlgi bolıp xızmet etedi. Ásirese, kórkem óner jolındaǵı sabır, mártlik hám pidayılıq sıyaqlı pazıyletleri onıń dóretiwshilik miyrasınıń tiykarın quraydı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Ansatbaev N. Teatr hám aktyor. Sabaqlıq. 2020.
2. Shamuratova A. Teatr meniń ómirim hám táǵdirim. Nókis, Bilim, 2016.
3. Ismaylov Ajiniyaz Esbergenovich. «Ustoz taqdiri» spektaklida zamondosh obrazlar spektaklida zamondosh obrazlar talqini. GOLDEN BRAIN 1.13 (2023): 161-167.
4. Darushova Darixa Kadirniyazovna. "YOSH REJISSYORNING YANGI TALQINDAGI SPEKTAKLI." Oriental Art and Culture 5 (2024): 656-658.
5. Darushova Darixa Kadirniyazovna. "DOLZARBLIGINI YO’QOTMAGAN ASARNING QORAQALPOQ SAHNASIDAGI TALQINI." TANQIDIY NAZAR, TAHLILIY TAFAKKUR VA INNOVATSION G ‘OYALAR 1.1 (2025): 355-358.
6. Jaqsimuratova A.N. "QORAQALPOQ KINO SAN’ATIDA MILLIYLIK VA ZAMONAVIYLIKNING TASVIRLANISHI." Inter education & global study 3 (2025): 636-642.
7. Darushova D.K. "YAXSHI DRAMATURGIYA VA REJISSYOR YECHIMINING UYG ‘UNLIGI." Inter education & global study 3 (2025): 628-635.